



Ranplasman Pon West Roxbury Parkway ki pase sou MBTA Reyinyon Piblik Vityèl pou Enfòmasyon

Sa k ap pase?

Rezon pou reyinyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann pwojè ranplasman West Roxbury Parkway ki pase sou Pon pou Transpò Pasaje MBTA a, anvan gwo travay konstriksyon yo kòmanse nan sezon prentan / ete 2025 la. MassDOT pral bay yon apèsi sou pwojè a, k ap montre kalandriye travay konstriksyon yo, ak konsekans yo sou trafik ak pou kominote a. Moun ki vin patisipe yo pral gen chans pou yo poze kesyon ak fè kòmantè.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pwojè sa a pral ranplase pon ki gen defisyans estriktirèl la, epi amelyore wout ak fini amelyorasyon nan trafik la. Pon an pral fèmen, epi pral gen yon detou pandan yon tan kout pou trafik, otobis, pyeton, ak bisiklèt. MassDOT pral sèvi avèk metòd Akselere pou travay Konstriksyon Pon, pou redwi konsekans yo pou piblik la ak moun nan zòn lan.

Kilè

Jedi 8 me 2025
6:00 p.m.

Ki Kote

www.mass.gov/orgs/highway-division/events



Ale nan adrès www.mass.gov/orgs/highway-division/events pou plis enfòmasyon, oubyen pou wè yon anrejistreman prezantasyon an, si ou pa kapab vini nan reyinyon an.



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oswa nan adrès MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, si posib 10 jou anvan aktivite a.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elektwonnik WestRoxPkwyBR@dot.state.ma.us